SEYANS 5

Pi Bon Fason Pou W Fè Yon LTE

W.K. KELLOGG FOUNDATION

Kisa yon lèt Redaksyon (LTE) ye?

Yon LTE se yon repons parapò ak yon atik laprès ki bay nouvo enfòmasyon ki enpòtan pou sijè a. An jeneral, òganizasyon ki bay nouvèl yo mande pou voye lèt pou redaktè a nan espas sèt jou apre yo fin pibliye atik orijinal la.

Fason pou w rekonèt yon LTE

- An jeneral, li gen ant 150 ak 200 mo.
- Se yon repons parapò ak yon atik laprès ki resan..
- Yon opinyon solid yon redaktè moun fè konfyans ekri.

Konsèy pou w ekri yon LTE ki solid

- Konsantre sou **yon** sijè.
- Se pou w **klè epi presi**.
  - Fè LTE a kout pou w asire w platfòm medya a pap retire ladan l.
- Mete **referans** jounal ak atik la.
- Bay yon repons ki **byen reflechi** ak yon rezònman ki kesyone sa k nan atik la, ki kore detay ki nan atik la e ki bay plis prèv ak konpreyansyon oswa ki sèvi ak atik la pou w pwopoze yon lòt opinyon solid.
- **Mete** enfòmasyon pou yo kontakte w.
  - Gen kèk jounal k ap annik enprime yon lèt voye bay redaktè a, lè yo fin verifye otè a. Jounal yo pap pataje enfòmasyon pèsonèl moun.

Fason l fèt

- **Entwodiksyon**: Fè yon entwodiksyon konsènan sa w pral pale a ki gen rapò ak atik laprès la, k ap kapte atansyon lektè a.
- **Rezònman**: Bay enfòmasyon kòm repons ak atik k ap sikile a.
- **Detay**: Di poukisa nouvo enfòmasyon ki nan LTE a enpòtan pou lektè yo.
- **Fen**: Mansyone rezònman an ankò, pou w ka konfime l.
- **Referans**: Non, tit ak rezime tou kout ki bay enfòmasyon konsènan moun ki ekri LTE a ak nenpòt patenarya li genyen.